Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWODIKSYON SIWO ERAB NAN NEW YORK ATENN YON REKÓ ELEVE NAN 70-ANE

Eta kenbe pozisyon I kòm Pwodiktè #2 Siwo Erab nan peyi a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke pwodiksyon siwo erab nan New York te atenn nivo ki pi elve nan 70 zan, pèmèt eta kenbe pozisyon I kòm dezyèm pi gwo pwodiktè siwo erab fre nan Etazini. Agrikiltè erab New York yo te pèsevere nan yon ivè difisil pou pwodui yon rekò modèn plis pase 601,000 galon siwo ki soti nan plis pase 2.3 milyon wobinè toupatou nan eta pandan sezon 2015 lan.

“Yon fwa ankò, endistri siwo erab New York ap pwospere e li bat yon rekò malgre kondisyon difisil yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Eta nou an se yon lidè agrikòl, avèk kèk nan antreprenè ki pi angaje ak pwodui ki pi rafine, e mwen ankouraje Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo pou dekouvri pwodui fantastik Empire State sa pou tèt yo.”

Daprè Sèvis Statistik Agrikòl Nasyonal USDA , kantite siwo erab ki te pwodui nan New York te an ogmantasyon de 10.1 pousan apati 2014 a 4.7 ppousan nan rekò pwodiksyon modèn presedan nan 2013. Eta New York konfòtableman kenbe distenksyon I kòm dezyèm pwodiktè siwo erab nan peyi a, avèk yon ogmantasyon avans parapò a Maine ki klase an twazyèm pozisyon pa preske 50,000 galon. Vermont, nan 1.39 milyon galon siwo, se eta ki pwodui plis nan peyi a.

Kantite ki pwodui a pi elve depi 1944, ane pase anvan kòmansman yon deklen nan kantite wobinè pye bwa ak randman siwo pa wobinè. Re-aparisyon New York te kòmanse nan 2008 kòm sistèm aspiratè yo te kòmanse ranplase wobinè metal pyebwa ak pandye bokit yo ki te siyifye agrikilti siwo erab pandan syèk yo.

Asosyasyon Pwodiktè Siwo Erab Eta New York estime ke 60 pousan nan agrikilti siwo erab, enkli pifò nan gwo eksplwatasyon agrikòl pou plis pase 500 wobinè, itilize sistèm

aspirasyon pou ranmase sèv brit. Sistèm aspirasyon modèn lan pi fasil pou pwodiktè yo kenbe, sa ki te ede ogmante pwodiksyon pa wobinè. Wobinè mwayèn pyebwa te pwodui plis pase yon lit siwo ane sa a, byenke kèk gwo eksplwatasyon ap anrejistre randman yon demi-galon oswa plis.

Gwo pèfòmans New York vini andepi yon dènye ivè brital, sa ki te wè long etandi nèj frèt ak gwo nèj. Sèv kòmanse sèlman koule andedan lè tanperati a monte anlè nivo zewo. Kòm yon rezilta nan move ivè frèt la, USDA estime ke mwayèn siwo erap ke yo te kolekte nan 2015 te jis apeprè pandan 26 jou. Pa konparezon, sezon an te 40 jou an mwayèn pandan ane rekò modèn 2013 la.

“Pwodiktè erab nou yo merite gwo konpliman pou fason yo te pèsevere atravè yon moman ivè difisil pou bay yon kantite siwo ke nou pat wè pandan plizyè jenerasyon,” te deklare Richard A. Ball, Komisyonè Agrikilti Eta New York. “Mwen te patisipe nan aktivite pandan wikenn erab ane sa a e mwen ka di w apati obsèvasyon pratik ke endistri erab la enpòtan e lap grandi. Nap travay di pou ba yo sipò yo bezwen pou kontinye kwasans sa a.”

“Sezon erab la te kòmanse ta e pwodiktè yo te gen difikilte lè yo te oblije travay pandan gwo nèj nan wobinè pyebwa yo,” te deklare Helen Thomas, Direktè Egzekitif Asosyasyon Pwodiktè Erab nan Eta New York. “Nou reyèlman etone epi kontan pou n wè yon sezon tou kout vire an yon rekò nan pwodiksyon. Kounye a nap apwoche nan nivo pwodiksyon apati kòmansman 20yèm syèk la, e se bon nouvèl pou pwodiktè yo ak tout moun ki renmen vrè siwo erab. Ale epi pran enpe!”

Eta New York ap ede pwopaje mo a sou kalite pwodui erab New York. Ou ka jwenn siwo erab ak krèm nan magazen Taste NY yo ansanm avèk Thruway ak nan Mache Taste NY nan Todd Hill. Yo prezante pwodui Erab yo tou nan aktivite goute Taste NY toupatou nan eta, e nan kyòs popilè pwodiktè Erab nan Bilding Ótikilti nan Gwo Fwa Eta New York, kote pòpkòn, krèm glas, ak sirèt koton pami lòt gatri yo ki disponib.

Wap jwenn plis enfòmasyon sou siwo erab Eta New York nan www.nysmaple.com.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418